**दिन–सोमवार** **दिनांक–31.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

ईद–उल–फित्र के पर्व आइ राजधानी पटना समेत पूरा प्रदेश मे धार्मिक श्रद्धा आओर उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। आइ भोरे रोजदार सभ राजधानी पटना के गांधी मैदान आओर शाही ईदगाह गुलजारबाग समेत कतेको ईदगाह आओर मस्जिद सभ मे ईद कँ विशेष नमाज अदा कयलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार गांधी मैदान मे अदा करेबला लोक सभ सँ भेंट कयलनि। लोक सभ एक दोसर सँ गला मिल कऽ ईद के मुबारकबाद आओर संगहि सलामति के दुआ कऽ रहल छथि।

---

एहि अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आओर उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा, विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव, विधान परिषद के सभापति अवधेश नारायण सिंह आओर विधान सभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव संग कतेको गणमान्य लोक सभ ईद के बधाई देलनि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ईद–उल–फित्र पर बधाई दैत सोशल मीडिया पोस्ट के माध्यमे कहलनि जे ई पावनि समाज मे आशा, सद्भाव आओर दयालूता के भावना के प्रतिक अछि। एम्हर, ईद के लऽकऽ प्रदेश भरि मे सुरक्षा के व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। सभ जिला मे पुलिस के अलर्ट रहबाक निर्देश देल गेल अछि।

---

बिहार मे पुरूष सभक हीरो हॉकी एशिया कप दू हजार पच्चीस के आयोजन कयल जायत। एहि लऽकऽ हॉकी इंडिया आओर बिहार राज्य ,खेल प्राधिकरण के बीच समझौता ज्ञपन पर आइ हस्ताक्षर कयल गेल। ई प्रतियोगिता उनतीस अगस्त सँ सात सितंबर तक राजगीर अंतर्राष्ट्रीय स्टेडियम मे होयत। भारत आओर पाकिस्तान सहित एशिया के आठ टीम एहि प्रतियोगिता मे हिस्सा लेत। एशिया के एतेक पैघ हॉकी प्रतियोगिता के आयोजन के लऽकऽ आइ पाटलिपुत्र खेल परिसर कंकड़बाग मे हॉकी

इंडिया के महासचिव भोलानाथ सिंह आओर खेल विभाग के अपर मुख्य सचिव वी. राजेन्दर एम.ओ.यू पर हस्ताक्षर कयलनि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के चौबीस अप्रील के मधुबनी मे प्रस्तावित कार्यक्रम के लऽकऽ आइ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के अध्यक्षता मे अधिकारी सभ बातचीत कयलनि। एहि मे केन्द्रीय मंत्री ललन सिंह आओर उद्योग मंत्री नीतीश मिश्रा सेहो छलाह। एहि दौरान श्री चौधरी कहलनि जे चौबीस अप्रील के पंचायती राज दिवस अछि आओर एहि दिन प्रधानमंत्री मधुबनी सँ विभिन्न विकास कार्यक्रम के उद्‌घाटन आओर शिलान्यास करतथि।

———————————————————————

प्रदेश मे सरकारी विद्यालय के दू हजार एक सय एकावन पुरूष शिक्षक कैँ एच्छिक स्थनांतरण कयल गेलनि। एहि शिक्षक सभ के कनियाँ सेहो सरकारी विद्यालय मे शिक्षक छथि। एहि स्थनांतरण सँ सभ पुरूष शिक्षक सभ अपन कनियाँ के पद स्थापनबला जिला मे स्थनांतरित भऽ गेल छथि। एहि शिक्षक सभक स्कूल के वितरण दस सँ तीस अप्रैल के बीच होयत।

———————————————————————

प्रदेश मे प्रधानमंत्री आवास योजना ग्रामीण के तहत पंचानवे हजार सँ बेसी भूमिहीन परिवार के चिन्हित कयल गेल अछि। एहि मे सभ सँ बेसी आठ हजार पांच सय परिवार गया जिला के छथि। सभ सँ कम चारि सय परिवार शेखपुरा जिला मे चिन्हित कयल गेल अछि। राज्य मे योजना के लाभ प्राप्त करबाक लेल लोक सभकें चयनक लेल सर्वेक्षणक काज चलि रहल अछि। सर्वेक्षणक अंतिम तारीख बढ़ा कऽ तीस अप्रैल कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

राज्य सरकार पैक्स मे डिजिटल लेन–देन के बढ़ावा देबाक लेल चारि हजार सँ अधिक पैक्स समिति के ई–पैक्स के रूप मे विकसित करबाक निर्णय लेलनि। सहकारिता विभाग सँ प्राप्त जानकारीक अनुसार अगिला छओ महिना मे एहि समिति

सभ मे लेन–देनक काज पूरा तरह से डिजिटल भऽ जायत। विभागक अनुसार एहि सँ काज मे तेजी अयबाक संग सदस्य सभ के बेहतर सुविधा सेहो भेटत।

————————————————————————————

चैत नवरात्रक दोसर दिन आइ माँ देवी दुर्गा के ब्रह्मचारणी स्वरूपक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे माँ के एहि रूप के पूजा–अर्चना सँ सौभाग्य, आरोग्य आओर अभय के प्राप्ति होयत अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे विभिन्न मंदिर आओर शक्तिपीठ सभ मे भोरे सँ भक्त सभक भीड़ उमड़ल अछि।

————————————————————————————

समाप्त